

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan


Desain panalungtikan nya éta prosés anu dirarancang pikeun ngajawab sarta ngajéntrékeun sababaraha masalah anu aya dina panalungtikan (Permana dina Ulfah, 2015, kc. 24). Desain panalungtikan tina ieu panalungtikan nyoko kana kagiatan (1) nangtukeun masalah,(2) studi pendahuluan,(3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) milih pamarekan, (6) nangtukeun sumber data, (7) nangtukeun jeung nyusun instrumén, (8) ngumpulkeun data, (9) analisis data, (10) nyieun kacindekan, jeung (11) nyieun laporan.

Desain dina ieu panalungtikan nyoko kana desain kualitatif kalayan ngagunakeun métode déskriptif. Métode déskriptif nya éta métode anu fungsina pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data (Arikunto dina Ulfah, 2015, kc. 25). Anu didésripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta struktur kalimah éksprésif, jeung wujud pragmatis kalimah éksprésif dina novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É. Ieu métode dipiharep bisa ngaréngsékeun pasualan kalimah éskprésif anu aktual ku cara papasingan, nganalisis, sarta nafsirkeun data kalimah éksprésif.

Dina desain panalungtikan, tahapan awal panalungtik néangan jeung nyusun masalah dumasar pasualan anu bakal ditalungtik, saenggeus nangtukeun masalah tahapan kadua nya éta ngumpulkeun data tina objék anu ditalungtik kalayan ngagunakeun instrumén panalungtikan nya éta kartu data, tahapan katilu nya éta data anu geus kakumpul, diolah ku cara analisis unsur langsung sarta masing-masing data kalimah éksprésif didésripsikeun sacara jéntré kumaha struktur kalimahna ogé ma'na pragmatisna, tahap pamungkas nya éta nyieun kacindekan tina hasil analisis panalungtikan.

Tina déskripsi di luhur, bisa katitén desain pikeun ieu panalungtikan nu kagambar sakumaha bagan di handap.

Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Fanni Rahma Vanessa, 2016

WANDA KALIMAH ÉKSPRÉSIF DINA NOVÉL KEMBANG-KEMBANG PETINGAN KARYA HOLISOH M.É.:

Ulikan Struktur jeung Pragmatik

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Data dina ieu panalungtikan nya éta kalimah ékspresif anu disusun tina sturktur jeung ma'na pragmatis. Data kalimah ékspresif dicokot tina sumber data.

Sumber data panalungtikan mangrupa subjek ti mana data dimeunangkeun. Ieu panalungtikan ngagunakeun ragam basa tulis tina karangan sastra minangka sumber datana. Sumber datana nya éta novél “*Kembang-Kembang Petingan*” karya Holisoh M.É. Ari datana nya éta sakabéh klausa atawa kalimah anu ngandung kalimah ékspresif dina novél *Kembang-Kembang Petingan*.

Novél *Kembang-Kembang Petingan* mangrupa novél Sunda anu kungsi dilélér Hadiah Sastra Rancagé di taun 2003. Hadiah Sastra Rancagé mangrupa pangajén anu dipasihkeun ka jalma-jalma anu dianggap geus boga jasa ngamekarkeun basa jeung sastra daérah. Ieu novél munggaran medal taun 2002, disusul ku citakan kadua taun 2011 anu dikaluarkeun ku Kiblat Buku Utama nu perenahna di Jalan Gumuruh Bandung. Ieu novél kandelna 185 kaca, jeung ukuranana 21cm x 14cm.

Novél *Kembang-Kembang Petingan* nyaritakeun ngeunaan urut awéwé bangor. Ari pangna kungsi jadi ungluk pédah salakina kawin deui ka ungluk. Tepung jeung lalaki ngaran Handi, “langgananana” baheula. Terus kawin dijadikeun pamajikan anu kadua, minangka jalan sangkan jadi jelema bener. Ongkoh da pamajikan salakina anu kolot moal bisaen boga turunan lantaran pianakanana geus dioperasi. Ngan hanjakal, lingkunganana anu anyar henteu narima aya urut ungluk di dinya. Katambah pamajikan salakina nu kolot ngontrog. Pajarkeun téh usaha salakina dimodalan ku manéhna, jadi sagala kakayaanana gé diaku ku manéhna. Ti dinya jol muka lewang pananya naha si tokoh “kuring” téh rék terus ngabéla hakna pikeun jadi jalma bener, atawa rék balik deui ka jurang kanistaan.

3.3 Ngumpulkeun Data

3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih gampang jeung hasil anu hade, dina

harti lengkep jeung sistematis nepi ka gampang diolah (Arikunto dina Ulfah, 2015, kc. 27).

Ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data salaku alat atawa instrumén panalungtikan. Eusi dina kartu data nya éta cutatan data kalimah éksprésif dina novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É.

KARTU DATA

Butuh urang mah ku lalaki modél kitu, (KKP/24/8)

Struktur : Pola 1 : Kal Éks S → J – C – K + In Fi: 222 ↓

Ma'na pragmatis : Kalimah éksprésif karumasaan

Katerangan kartu data :

(a) *Butuh urang mah ku lalaki model kitu* = kalimah éksprésif anu dicutat

(b) (KKP/24/8) = ID sumber cutatan

KKP = singgetan judul novél

24 = kaca dina novél

8 = nomer pada dina novél

(c) Analisis = struktur jeung ma'na kalimah

3.3.2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka dina ieu panalungtikan dipaké pikeun néangan référénsi sangkan sumber data tiori panalungtikanna henteu ngan ti sa-sumber. Léngkah-léngkah téhnik panalungtikan studi pustaka ngaliwatan sababaraha tahapan di handap.

- 1) Maca buku anu rék ditalungtik, nya éta novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É.
- 2) Nyirian kalimah anu kaasup kana kalimah éksprésif.
- 3) Nyalin kalimah éksprésif kana kartu data.
- 4) Nyusun kartu data dumasar alfabétis.

- 5) Nalaah kalimah éksprésif dumasar struktur jeung ma'na pragmatis.
- 6) Nyieun papasingan kalimah dumasar kana struktur jeung ma'na pragmatis.

3.3.3 Analisis Data

Sabada data kakumpul, data tuluy diolah pikeun meunangkeun jawaban tina masalah anu ditalungtik. Data anu geus kakumpul diolah ngagunakeun métode distribusional (téhnik analisis unsur langsung). Métode kajian distribusional ngagunakeun alat nya éta unsur basa éta sorangan dina basa anu ditalungtik. Ieu métode téh aya patalina jeung paham strukturalisme de Saussure (1916), yén méh unggal unsur basa téh aya patalina antara anu hiji jeung nu lianna sangkan ngawangun hiji unsur basa anu sarua. Dasar penentu dina kajian métode distribusional nya éta téhnik milih data dumasar kana katégori (kriteria) anu tangtu tina segi kagramatikalan luyu jeung ciri-ciri alami anu dipiboga ku data panalungtikan. Kajian distribusional ngandelkeun unsur penentu basa éta sorangan, jeung unsur panalungtikan. Téhnik kajian distribusional ngawengku:

- a. Téhnik suluran (substitusi), dipaké niténan bagantina unsur basa nu hiji ka unsur basa lian;
- b. Téhnik tutukeuran (permutasi), digunakeun dina niténan patukeurna runtuyan unsur-unsur basa;
- c. Téhnik jembaran (ékspansi), dipaké niténan hiji unsur basa dilegaan ku unsur basa nu lian;
- d. Téhnik sirnaan (délési), dipaké niténan sirnana atawa leungitna unsur basa dina hiji wangunan atawa kontruksi; jeung
- e. Téhnik seselan (interupsi), dipaké pikeun mikanyaho tingkat raketna unsur-unsur basa anu diseselan ku unsur lain (Sudaryat, 2004, kc. 33).

Téhnik anu dipaké pikeun analisis data dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis unsur sacara langsung. Téhnik analisis unsur langsung dipaké lantaran sumber data panalungtikan mangrupa data tinulis, udaganana pikeun ngolah data anu

patali jeung déskripsi struktur, wujud pragmatis, maksud jeung fungsi kalimah éksprésif dina novél *Kembang-Kembang Petingan* karya Holisoh M.É.

Téhnik ngolah jeung nganalisis anu dipaké dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha tahapan nu ditétélakeun di handap.

- 1) Mariksa deui sakabéh data kalimah éksprésif anu geus disusun sacara alfabétis.
- 2) Nangtukeun papasingan kalimah éksprésif.
- 3) Nganalisis data tina papasingan kalimah éksprésif.
- 4) Ngitung persentase papasingan kalimah éksprésif.
- 5) Ngadéskripsikeun kalimah éksprésif dumasar kana struktur jeung ma'na dina kalimah basa Sunda.
- 6) Nafsirkeun jeung nyindekkeun perkara struktur jeung ma'na kalimah éksprésif.